



Pou Piblikasyon Imedya: 11/09/2025

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL REYAFIME PWOMÈS NOUYÒK ANVÈ FANMI 11 SEPTANM ATRAVÈ SIPÒ NAN EDIKASYON

Pwogram yo nan Eta a kontinye bay asistans inivèsitè pou fanmi ak sivivan 11 septanm yo

24 ane apre: Fòs ak angajman Nouyòk kontinye vivan

Gouvènè Kathy Hochul jodi a mete aksan sou disponiblite bousdetid, sibvansyon ak èd finansye pou moun ki te afekte akòz atak 11 septanm yo. Pwogram sa yo, ke [Kòporasyon Sèvis Edikasyon Siperyè nan Eta Nouyòk](#) (New York State Higher Education Services Corporation, HESC) administre, bay resous enpòtan pou asire aksè a edikasyon siperyè pou moun ki te sibi gwo pèt ak difikilte.

"Eta Nouyòk kanpe fèm nan pwomès li pou soutni fanmi moun nou te pèdi yo ak sivivan ki toujou pote chay jou sa a sou yo," **Gouvènè Hochul te deklare.** "Pwogram edikatif esansyèl sa yo se yon temwayaj angajman nou ki p ap janm fini. Nou pral kontinye kanpe bò kote moun 11 septanm te afekte yo, jodi a ak pou tout tan, pou asire yo jwenn opòtinite ak sipò yo merite."

Pwogram Èd Finansye pou Inivèsite nan Eta Nouyòk pou Fanmi ak Sivivan 11 Septanm yo

Eta Nouyòk ofri plizyè pwogram èd finansye ki bay sipò pou edikasyon siperyè pou moun ki te dirèkteman afekte nan evènman trajik 11 septanm yo. Anpil nan pwogram sa yo kouvri frè lekòl, ladan yo gen frè pou kou yo, lojman ak manje, frè sèvis ak lòt depans. Lè li elimine baryè finansye sa yo, Eta Nouyòk asire elèv ki kalifye yo ka pou suiv etid yo ak ti kras oswa san okenn depans ki fèt ak kòb pòch yo, sa ede fanmi ak moun yo bati yon lavni ki meyè san chay difikilte finansye.

Pwogram sa yo enkli:

- **[Bousdetid Memoryal World Trade Center:](#)** Bay bousdetid ki kouvri frè lekòl pou timoun, mari oswa madanm, ak moun ki te depann finansyèman de viktim ki mouri oswa ki vin gen gwo andikap kòm rezilta atak 11 septanm yo.
- **[Bousdetid Memoryal Eta Nouyòk:](#)** Ofri prim ki kouvri frè lekòl pou timoun, mari oswa madanm, ak moun ki te depann finansyèman de premye entèvenan yo ki te

mouri oswa ki vin gen andikap grav ak pèmanan pandan yo t ap fè devwa yo nan Eta Nouyòk.

- **[Bousdetid Rekonesans Amelyore ak Oyaj Militè \(Military Enhanced Recognition Incentive and Tribute, MERIT\)](#)**: Bay bousdetid ki kouvri frè lekòl pou rezidan, timoun yo, mari oswa madanm yo, ak moun ki te depann finansyèman de manm Fòs Lame yo ki mouri oswa ki vin gen andikap pèmanan pandan y ap fè devwa militè yo.
- **[Prim Rejan Eta Nouyòk pou Pitit Veteran ki Mouri oswa Andikape](#)**: Bay prim anyèl pou etidyan premye nivèsite ki kalifye ki gen paran ki te sèvi pandan peryòd lagè ki deziyen yo epi ki swa mouri, vin gen andikap, disparèt nan aksyon, oswa yo te pran kòm prizonye lagè.

Nou ankouraje fanmi ak sivivan yo anpil pou yo aplike tou pou pwogram eta ak federal pi laj yo pou maksimize èd finansye pou nivèsite yo. Konplete [Aplikasyon Gratis pou Èd Etidyan Federal \(Free Application for Federal Student Aid, FAFSA\)](#) se premye etap pou jwenn sibvansyon ak prè federal. Anplis de sa, [Pwogram Asistans pou Frè Lekòl Eta Nouyòk \(Tuition Assistance Program, TAP\)](#) la ofri sibvansyon pou rezidan Nouyòk ki kalifye, sa k ap ede plizyè milye elèv chak ane peye frè lekòl yo epi diminye chay finansye total pou pou suiv edikasyon siperyè.

Prezidan Kòporasyon Sèvis Ansèyman Siperyè Eta Nouyòk la, Doktè Guillermo Linares, te deklare, "Edikasyon se yon gwo zouti pou gerizon, kwasans, ak transfòmasyon. Pwogram sa yo pa sèlman bay resous esansyèl pou moun 11 septanm te afekte yo, men yo louvri tou pòt opòtinite, ki pèmèt moun jwenn aksè a resous yo bezwen pou bati yon lavni meyè. Lè nou investi nan edikasyon yo, nou onore eritaj yo epi nou reyafime angajman nou pou soutni yo nan vwayaj yo pou rive nan siksè."

Rektè State University of New York (State University of New York, SUNY) la, John B. King, Jr., te deklare, "SUNY ini ak Gouvènè Kathy Hochul nan sipò kontinyèl eta a pou viktim yo ak fanmi atak 11 septanm yo te afekte. Kè nou te brize akòz laterè ak pèt lavi jou sa a, e nou dwe sa bay moun ki te renmen viktim yo pou asire yo gen opòtinite pou jwenn yon edikasyon ekselan pou pou suiv rèv yo. SUNY fyè pou li edike fanmi 11 septanm yo atravè 64 kanpis li yo, epi nou pral kontinye onore moun ki te mouri nan atak yo ak nan konsekans yo lè nou asire jenerasyon k ap vini yo konnen sa ki te pase jou trajik sa a."

Chanselye Inivèsite Vil Nouyòk, Felix V. Matos Rodriguez, te deklare, "Lè nou reflechi sou 11 septanm ak enpak li sou vil, eta, ak peyi nou, tan pa diminye angajman nou pou onore ewo yo ak fanmi yo ki te bay anpil. Nou vle fanmi sa yo konnen ke CUNY pare pou akeyi yo ak bra louvri epi soutni yo pandan y ap travay pou reyalize objektif yo."

Komisè Depatman Edikasyon Eta Nouyòk la, Betty Rosa, te deklare, "Kòm yon kominote edikasyon, nou gen responsablite pou asire elèv yo konprann enpòtans jou sa a, pa sèlman kòm yon moman pou sonje, men tou kòm yon leson sou rezistans, sèvis, ak enpòtans pou rasanble pou soutni youn lòt. Atravè edikasyon, nou ka ede ankouraje

konpasyon, responsablite sivil, ak angajman pou bati yon lavni ki pi sekirite, pi fò ak pi ini."

Manm Asanble Alicia Hyndman te deklare, "Prèske yon ka syèk ane apre trajedi 11 septanm nan, Nouyòk kanpe fèm nan pwomès li pou soutni fanmi ak sivivan ki te pote chay pèt inimajinab la. Pwogram bousdetid sa yo reprezante plis pase yon èd finansye; yo reflekte angajman nou ki p ap janm fini pou souvni, pou rezistans, ak pou pouvwa edikasyon genyen pou leve moun epi retabli yo. Mwen felisite Gouvènè Hochul ak HESC paske yo asire edikasyon siperyè rete aksesib pou moun lavi yo te chanje pou toutan, epi pou onore sakrifis yo avèk opòtinite ki gen sans."

Pou plis enfòmasyon sou pwogram sa yo, ki enkli egzijans pou kalifikasyon ak lòt opòtinite èd finansye nan Eta Nouyòk, vizite hesc.ny.gov.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta Nouyòk | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)